

Apèl pou solidarite



CONTRA LA GUERRA EN KURDISTAN, EN DEFENSA DE LA REVOLUCIÓN
Defender Kurdistan. Defender la Revolución

11 JEN : KONT LAGÈ NAN KIDISTAN, POU DEFANS REVOLISYON AN

Depi 14 avril, gouvènman peyi Tiki ap mennen yon seri atak kont zòn Bashur (Kidistan irakyan), nan objektif pou kase rezistans Mouvmman liberasyon Kidistan (PKK-Pati travayè Kidistan), an menm tan, pou rive okipe ilegalman teritwa Kidis yo epi ratache li ak teritwa Repiblik Tiki.

Gouvènman Recep Tayyip Erdogan nan kontinye ap bonbade vil Rojava yo (Kurdistan siryan), an patikilye vil Kobane yo, senbol rezistans kont Leta Islamik (ISIS).

Nan menm kad sa a, anndan Tiki gen pèsikasyon kont opozisyon an, espesyalman kont sila yo ki se manm ak militan Pati Demokrat Pèp yo (HDP), Twazyèm fòs politik nan peyi a ki gen ladann pèp Kidis la ak lòt minorite etnik epi relijye, se ekspresyon lagoch nan Tiki, òganizasyon feminis, ekolojis ak kominote LGBTI+.

Gouvènman Erdoğan nan te di klè politik ekspansyonis li a pap kanpe, menm si sa enplike vyolasyon dwa entènasyonal ak dwa grandèt majè lòt peyi sou pwòp teritwa yo.

Nan aktyèl rekonfigirasyon lòd jewopolitik mondyal la, puisans entènasyonal yo ak majorite peyi yo ap denonse lage Wisi deklanche nan Ikrèn, sepandan, yo pa di anyen sou bonbadman ak atak peyi Tiki kont Kidisan. Konpòtman sa a yon bò li pwofitab ak fòs ki ap atake yo epi yon lòt bò li dirije atansyon mond la sou yon sèl senaryo, se yon rezo enterè kont pèp yo ak batay pou ejemoni nou pat tap ka asepte an silans.

Zam chimik, chajman demografik, netwayaj etnik, bondadman sistematik ak dwonn yo tout fè pati machin lagè Tiki deplwaye anndan ak deyò teritwa fwontyè li kont popilasyon sivil ak milis Kidis yo, sa ki fè atak li yo pa lòt bagay se krim lagè, padan li ap itilize sò refijye yo pou kontinye yon politik chantaj an Ewòp, pou maske aksyon l yo epi evite sanksyon kont li.

Nan Kidistan, gen yon pèp ki ap reziste non sèlman kont dezyèm lame ki pi gwo nan OTAN men tou kont alsyansay kriminel, mèsene ak djiadis.

Pou rezon sa yo, nou fè yon apèl solidarite bay moun ki solidè ak pèp kidis la pou yo manifeste ak akòde tan yo kèlkeswa kote yo ye a, samdi pwochen 11 jen, pou voye jete byen lyen politik enperyalis ak represif Leta Tiki a.

Nou lanse yon apèl pou defann pwosesis revolisyonè ki komanse nan Kidistan, paradigm sa a chita sou liberasyon fanm yo, demokrasi dirèk ak yon lavi ekolojik, kòm ekspresyon yon sosyete lib. Yon revolisyon sosyal nan tout sektè nan lavi a, nan lide pou kaba mantalite patriyaka, kapitalis ak kolonyal nan sosyete yo epi tou fè sa tounen yon sous enpirasyon pou Mouvmman sosyal yo nan mond la ki ap goumen pou liberasyon ak pou dwa grandèt pèp yo.

Abya Yala | Ameriklatin

#DefenderKurdistan #DefenderLaRevolución

Yon inisyativ : Óganizasyon ak kolektiv ki manm nan Komite Solidarite ak Kidistan nan Ameriklatin nan.